



Attleboro Public Schools — Enstriksyon pou Enskripsyon Anliy


Enstriksyon pou Enskri Nouvo Elèv

Tanpri, suiv enstriksyon sa yo ki senp:

Pati 1. Kreye yon Kont Aspen (Si w te deja kreye yon kont, tanpri, ale nan Pati 2 a)

Ale sou sit wèb Aspen an


1. Ale nan Pòtay Aspen an nan <https://ma-attleboro.myfollett.com/aspden/logon.do>
2. Klike sou "Request an account" (Mande yon Kont)*. Note sa: Iyen sa gendwa pa parèt si w ap itilize yon telefòn pòtab.



*Si w pa gen entènèt, rele nan 508-222-0012 Ekstansyon 1159 pou ou pran yon randevou pou ou enskri avèk youn nan òdinatè nou yo.


Kalite Kont

1. Chwazi "I am a parent/guardian registering my child online" (Mwen se yon paran/responsab k ap enskri pitit mwen anliy)
2. Klike sou "Next Step" (Etap Suivan)




Kreye Kont Aspen Ou

1. Ranpli ransèyman pèsònèl yo
2. Klike sou "Next Step"



Enfòmasyon sou Kont lan

1. Mete imèl ou epi chwazi yon modpas. Chwazi yon kesyon sekirite epi mete repons lan. (Imèl ou bay la se non itilizatè w)
2. Klike sou "Create My Account" (Kreye Kont Mwen)






Attleboro Public Schools — Enstriksyon pou Enskripsyon Anliy

Pati 1. (Kontinyasyon) Kreve yon Kont Aspen (Si w te deja kreye yon kont, tanpri, ale nan Pati 2 a)


Konfimasyon

W ap wè yon mesaj ki konfime yo jwenn demann ou fè pou yon kont. *Y ap voye yon imèl konfimasyon ba ou nan adrès imèl ou te bay la.* Asire w ou verifye katab spam ou si w pa wè imèl la tousuit.




Verifye Imèl ou epi Aktive Kont lan

1. Al gade imèl ou epi chèche imèl verifikasyon Aspen voye a.
2. Klike sou "Click Here" (Klike Isit) pou ou verifye adrès imèl ou e aktive kont ou.



Kont Ou Aktive

Lè w fin klike sou lyen an nan imèl konfimasyon an, y ap voye w sou sit wèb Aspen an. Ekran ou wè pi ba a pral parèt si w te reyisi verifye imèl ou. Pousuiv avèk Pati 2.






Attleboro Public Schools — Enstriksyon pou Enskripsyon Anliy

Pati 2. Enskri yon Nouvo Elèv (Si w pa gen yon kont Aspen, gade Pati 1 pou ede w kreye yon kont)

Konekte ak Kont Ou


1. Ale nan Pòtay Aspen an nan <https://ma-attleboro.myfollett.com/aspen/logo.n.do>*
2. Mete enfòmasyon w bezwen pou konekte. (Enfòmasyon w te bay nan Pati 1 an sèvi kòm non itilizatè w ak modpas ou.)



*Si w pa gen entènèt, tanpri, rele nan 508-222-0012 ekstansyon 1159 pou ou pran yon randevou pou ou enskri avèk youn nan òdinatè nou yo.

Kòmmanse Enskripsyon Nouvo Elèv

1. Klike sou bouton "Initiate" la (Kòmmanse). Sa pral kòmmanse pwosesis la pou enskri nouvo elèv.





Chwazi Ane Lekòl la

1. Chwazi pou ki ane lekòl ou ta renmen enskri elèv la. (Si w pa wè ane lekòl ou vle a, enskripsyon pa ouvè pou ane sa a.)
2. Klike sou "Next" (Suivan)

Fin Enskri Anliy

Tanpri, rapli chak tab, apre sa klike "Submit" (Depoze) lè w fini. Fòk ou ranpli chak tab anvan w ka avanse nan pwòchèn pati a.



Si w oblije kanpe e tounen pita, klike sou "Save & Close" (Sovgade e Fèmen). Ou gendwa sovgade aplikasyon w nenpòt ki lè pou ou tounen pita si w vle. Ou ka chèche pwosesis enskripsyon an sou paj dakèy pòtay la.




Attleboro Public Schools — Enstriksyon pou Enskripsyon Anliy

Ti Konsèy pou Enskripsyon an


Sovgade e Fèmen

Si w bezwen kanpe e tounen pita, chwazi "Save & Close" (Sovgade e Fèmen). Ou ka sovgade aplikasyon an nenpòt ki lè epi tounen pita si w vle.




Chèche Enskripsyon w

Ou ka chèche pwosesis enskripsyon an sou paj dakèy pòtay la kote w te kòmanse pwosesis la.



Kontinye Enskripsyon an

Pou *kontinye* pwosesis la, klike sou "tchèk ki nan yon kare koulè vèt" la. Pou *anile* aplikasyon an, klike sou "X wouj" la.



Verifye Stati Enskripsyon w

W ap wè stati enskripsyon w anba tit "Workflow Phase" la (Faz Pwosesis la).

